



Board of Trustees

Scott Oran, *Chair*
LaRoy Brantley, *Treasurer*
Alex Finkelstein
Lauren Kushman
Charles H. Ledley
Devita McConnell
Tom O'Rourke
Trevor L. Rozier-Byrd
Jon Clark, *ex officio*
Kimberly Steadman, *ex officio*

Co-Directors,

Brooke Charter Schools
Jon Clark
Kimberly Steadman

Principal,

Brooke Roslindale
Meghan Parquette

Principal,

Brooke Mattapan
Abigail Waldman

Principal,

Brooke East Boston
Elza Mathieu

Principal,

Brooke Eighth Grade Academy
Danielle Blair

Principal,

Brooke High School
Kathryn Megrian

AVI POU FANMI:

Nan dat 24 ak 25 janvyè 2019, Biwo Kontwòl Lekòl Piblik (Public School Monitoring, PSM) Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a (Department of Elementary and Secondary Education) pral fè yon Egzamen Kontwòl Konsantre sou Plizyè Nivo (Tiered Focused Monitoring Review) nan Brooke Charter Schools. Biwo Kontwòl Lekòl Piblik la vizite chak distrik ak lekòl endepandan chak twazan pou kontwole si yo respekte règleman federal ak eta yo sou ansèyman espesyal ak dwa sivil. Domèn egzamen ki gen pou wè avèk ansèyman espesyal gen ladan yo evalyasyon elèv, detèminasyon kalifikasyon, pwosede Ekip Pwogram Ansèyman Endividalize a (Individualized Education Program, IEP), epi elaborasyon ak egzekisyon IEP a. Domèn egzamen ki gen pou wè avèk dwa sivil gen ladan yo kaponay, disiplin elèv yo, kontrent fizik, epi aksè egal a pwogram eskolè yo pou tout elèv yo.

Anplis vizit sou plas la, sansibilizasyon paran se yon pati enpòtan nan pwosesis egzamen an. Prezidan egzamen an nan Biwo Kontwòl Lekòl Piblik la pral voye bay tout paran elèv ki gen andikap yo yon kesyonnnè anliy ki konsantre sou domèn pi enpòtan yo nan pwogram ansèyman espesyal pitit yo a. Rezilta kesyonnnè yo pral kontribye nan elaborasyon yon rapò. Pandan egzamen sou plas la, Biwo Kontwòl Lekòl Piblik la pral fè entèvyou avèk prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Ansèyman Espesyal (Special Education Parent Advisory Council, SEPAC) la(yo) nan distrik la. Kòm lòt aktivite sou plas gen dwa gen entèvyou avèk pèsònèl distrik la ak administratè yo, egzamen dosye elèv yo, ak obsèvasyon sou plas. Paran yo ak lòt moun gen dwa rele Dee Wyatt, Prezidan Kontwòl Lekòl Piblik la, nan (781) 338- 3794 pou mande yon entèvyou pa telefòn. Si gen yon moun ki bezwen akomodasyon, tankou tradiksyon, pou patisipe nan yon entèvyou, Depatman an ap fè aranjman nesèsè yo.

Disi apeprè 60 jou louvrab apre vizit sou plas la, prezidan egzamen an pral bay lekòl endepandan an yon rapò ki gen enfòmasyon sou domèn kote lekòl endepandan an respekte oswa depase egzijans règlemantè yo ak domèn kote lekòl endepandan an bezwen asistans pou korije oswa amelyore pratik li yo. Piblik la pa kapab li rapò a nan www.doe.mass.edu/pqa/review/cpr/reports/.

BROOKE ROSLINDALE
190 Cummins Highway
Roslindale, MA 02131
P: 617-325-7977
F: 617-325-2260
ebrooke.org

BROOKE MATTAPAN
150 American Legion Highway
Mattapan, MA 02124
P: 617-268-1006
F: 617-474-4612
ebrooke.org

BROOKE EAST BOSTON
94 Horace Street
East Boston, MA 02128
P: 617-409-5150
F: 617-567-5295
ebrooke.org

**BROOKE EIGHTH GRADE ACADEMY
& BROOKE HIGH SCHOOL**
200 American Legion Highway
Mattapan, MA 02124
P: 617-874-5515
F: 857-401-3010
ebrooke.org